

Finansman Fon pou Pwopriyete Imobilye Kolektif (CREO)

The Miami Foundation

Miami Open for Business
Supported by Wells Fargo

Atravè Open for Business, Fondasyon Miami ap sipòte ti biznis ak òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi ki te fè eksperyans pa investi ase pou ede kreye rezistans ak richès nan nivo jenerasyon yo. Gras ak yon sibvansyon \$20 milyon Wells Fargo finanse, Fondasyon Miami ak asosyasyon kredi kominotè l la, Asosyasyon pou Travay Endepandan, pral distribye sibvansyon ak kredi bay òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi ak ti biznis yo atravè Konte Miami-Dade pou ede yo jwenn resous enpòtan yo, tankou teknoloji, ekipman, machin, estòk, ak byen.

Kalifikasyon pou Finansman

- Ti biznis ak/oswa òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi nan Konte Miami-Dade k ap travay nan tèt ansanm epi yo konnen kòm zòn ki defavorize
- Dwe sitiye nan youn nan [katye sib](#) Miami Open for Business yo
- Dwe etabli yon modèl pwopriyete pataje ak kolektif (egzanp, kominote pwopriyete fonsye, asosyasyon, elatriye.)
- Dwe ann aktivite pou omwen 2 zan
- Dwe gen yon bon sitiyo finansye, prè sou anrejistreman antrepriz la ki kòrèk
- Yo bay priyorite ak òganizasyon ki bay kominote a avantaj epi ki ofri bonjan travay
- Pou premye peryòd finansman an, yo bay priyorite ak asosyasyon ki pare pou angaje yo nan pwosesis pou achte byen imobilye epi ki ka bay yon patisipasyon nan kapital la.

Prepare pou Aplike

- Kolaboratè yo dwe fè demann yo atravè [Fondasyon Miami an](#)
- Kalandriye ak bidjè detaye pou pwojè a
- Modèl gouvènans pwopriyete ki pataje
- Detay sou pwopriyete yo pwopoze ki sible a
- Prè, oswa plan pou jwenn finansman
- Lis antrepriz ak/oswa òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi ki patisipe
- Eta finansye, bidjè fonksyonman, ak previzyon lajan kach
- Biznis oswa plan estratejik

Montan Finansman: jiska \$500K

- Sibvansyon ranbousab ki pa depase \$500,000 pou chak demann kowoperasyon

Disponib pou Kouvri

- Jiska 20% nan premye vèsman an
- Ki ka gen ladan kèk frè pou fèmen, tankou frè pou tit ak frè pou moun ki prete, komisyon, elatriye.
- Ki pral vèse nan fèmen an
- Moun k ap resevwa finansman yo ta dwe pare pou yo peye nan pòch yo: enspeksyon, frè evalyasyon, avans finansman, depo.

Delè

- Kòmansman Oktòb 2022: Demann yo ouvri
- 18 ak 20 Oktòb 2022: Sesyon enfòmasyon
- 28 Novanm 2022: Delè premye peryòd demann yo
- Desanm 2022: Finansman ki anonse
- Nou pral bay de (2) peryòd finansman regilye chak ane pou de (2) ane k ap vini yo.

Pran Kontak

Gen aksè ak tout enstriksyon finansman ak detay sou kalifikasyon sou sit entènèt nou an:

MiamiOpenForBusiness.org

[Abone ak Bilten nou an](#)

The
Miami
Foundation
For A Greater Miami

WELLS
FARGO